GLOBAL EKOLOGIK MUAMMOLAR, CHO‘LLANISH VA OZIQ-OVQAT XAVFSIZLIGI
*Respublika ilmiy-amaliy konferensiyasi,* 2026-yil 2-iyun, Qoraqalpog‘iston qishloq xo‘jaligi va agrotexnologiyalar instituti, Nukus

# TUT JIPEK QURTLARIN BAǴIW DÁWRINDE TEMPERATURA HÁM IǴALLIQTIŃ PILLE SAPASINA TÁSIRI

DOI: https://doi.org/10.66073/ReFocus-Conf/QAXAI/1032

**G.E.Abdrimova**
Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı hám agrotexnologiyalar institutı Jipekshilik kafedrası baslıǵı, dotsent
**F.Uzakova**
Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı hám agrotexnologiyalar institutı Jipekshilik qánigeligi magistri

## ANNOTATSIYA

Bul teziste tut jipek qurtların baǵıw dawrinde temperatura hám ıǵallıqtıń pille sapasına tásiri qarastırılǵan. Jipek qurtlarınıń normal ösip-ráwajlanıwı, olardan alınatuǵın pille salmaǵı, qabıq salmaǵı hám jipek shıǵımı tikeley mikroklimat sharayatlarına baylanıslı ekenligi kórsetilgen. Temperatura menen ıǵallıqtıń optimal deńgeylerin saqlaw arqalı joqarı sapalı pille alıw múmkinligi haqqında maǵlıwmat berilgen.

***Gilt sózler:*** *tut jipek qurti, temperatura, ıǵallıq, pille sapası, mikroklimat, jipek shıǵımı, baǵıw texnologiyası, ónimdarlıq.*

Jipekshilik awıl xojalıǵınıń áhmiyetli tarawlarınıń biri bolıp, xalıq xojaılıǵın sapalı tabiiy jipek penen támiyinlewde úlken orın iyeleydi. Respublikamızda jipekshilikti rawajlandırıw, joqarı ónimli tut jipek qurtı parodaların kóbeytiw hám pille sapasın jaqsılaw boyınsha keń kólemli ilajlar ámelge asırılmaqta.

Tut jipek qurtı (Bombyx mori) organizmi sırtqı orta faktorlarına, ásirese temperatura hám ıǵallıqqa óte sezgir boladı. Qurtlardıń normal ósiwı, túlewleri, azıqlanıw intensivligi hám pille oraw protsessleri usı faktorlar menen basqarıladı. Eger baǵıw dawrinde temperatura normadan joqarı yamasa tómen bolsa, qurtlardıń fiziologiyalıq jaǵdayı buzıladı, bunıń nátiyjesinde pille salmaǵı kemeyedi hám sapası tómenleydi.

Sonday-aq, hawa ıǵallıǵınıń deńgeyi de qurtlardıń organizmine úlken tásir etedi. Óte quruq hawa japaıraqlardıń tez qurap qalıwına, qurtlardıń azıqlanıwınıń tómenlewına alıp kelse, artıqsha ıǵallıq túrli awırıwlar menen mikroorganizmlerdiń rawajlanıwına qolaylı sharayat jaratadı. Sonıń ushın qurtxanalarda optimal temperatura hám salıstırmalı ıǵallıq rejimin saqlaw joqarı sapalı pille alıwdıń eń baslı şartlarınıń biri esaplanadı.

Ilimiy dereklerge kóre, jipek qurtınıń jas kezeńlerinde temperatura 26–28°C, salıstırmalı ıǵallıq 80–85% bolıwı usınıs etiledi. Ulken jaslarda bolsa temperatura 23–25°C, ıǵallıq 65–75% sheńberinde saqlanǵanı maqsetke muwapıq. Bul kórsetkishler qurtlardıń normal ösip-ráwajlanıwın támiyinlep, salmaǵı joqarı, qabıǵı qalıń hám jipek shıǵımı kóp bolgan pillelerdi alıwǵa járdem beredi.

Házirgi waqıtta klimat ózgerisleri hám hawa temperaturalarınıń tez ózgeriwleri jipekshilik tarawına da óz tásirin tiygizbekte. Sonıń ushın qurtxanalarda mikroklimattı basqarıw, ventilyaciya sistemasın durıs jolǵa qoyıw hám ıǵallıqtı retlew máseleleri aktual ilimiy hám ámeliy áhmiyetke iye.

Bul jumıstıń maqseti – tut jipek qurtların baǵıw dawrinde temperatura hám ıǵallıqtıń pille sapasına tásirin úyreniw, optimal mikroklimat sharayatlarınıń áhmiyetin ashıp beriw hám joqarı ónimli pille jetistiriw ushın usınıslar islep shıǵıwdan ibarat.

**Izertlew jumısınıń obyekti:** Izertlew jumısınıń obyekti retinde tut jipek qurtların baǵıw dawrinde temperatura hám hawanıń salıstırmalı ıǵallıǵınıń qurtlardıń ósiwi, rawajlanıwı, jasaw qábileti hám jetistirilgen pillelerdiń sapa kórsetkishlerine tásiri alındı. Izertlewde násilli tut jipek qurtları, olardan alıngan pilleler hám qurtxanadaǵı mikroklimat sharayatları úyrenildi.

**Izertlewdiń usılları:** Izertlewler ádebiyatlarǵa sholıw jasaw, baqlaw, salıstırıw hám analiz usılları járdeminde alıp barıldı. Qurt baǵıw dawrinde qurtxanadaǵı temperatura hám salıstırmalı ıǵallıq psixrometr járdeminde baqlanıp barıldı. Qurtlardıń ósiw tezligi, jasaw qábileti, qurtlıq dáwiriniń dawamlılıǵı, pille salmaǵı hám pille sapası boyınsha kórsetkishler esapqa alındı. Alınǵan maǵlıwmatlar salıstırmalı analiz etilip, optimal gigrotermikalıq sharayatlardıń áhmiyeti anıqlandı.

**Izertlew nátiyjeleri:** Izertlew nátiyjeleri sonı kórsetti: tut jipek qurtlarınıń normal ósiwi hám joqarı sapalı pille orawı ushın temperatura hám ıǵallıqtıń optimal deńgeyde saqlanıwı zárúr. Temperaturanıń normadan joqarı kóteriliwi qurt organizminde fiziologiyalıq proceslerdi buzıp, pille salmaǵınıń kemeyiwine hám sapasınıń tómenlewina alıp keledi. Temperatura normadan tómen bolǵanda qurtlıq dáwiri sozıladı, azıq jumsalıwı kóbeyedi hám ónimdarlıq kemeyedi.

Sonday-aq, hawanıń salıstırmalı ıǵallıǵı normadan tómen yaki joqarı bolǵanda qurtlardıń jasaw qábileti, ónimdarlıǵı hám pille sapası unamsız ózgeredi. Optimal gigrotermikalıq sharayatlarda baǵılǵan qurtlardan alınǵan pillelerdiń salmaǵı joqarı, qabıǵı sapalı hám jipek shıǵımı kóbirek bolǵanı anıqlandı. Demek, qurtxanalarda temperatura menen ıǵallıqtı ilimiy tiykarda basqarıw joqarı sapalı pille jetistiriwdiń tiykarǵı faktorlarınıń biri esaplanadı.

## FAYDALANǴAN ÁDEBIYATLAR

1. AxmedovN, MurodovS. - «Ipakchilik asoslari» - T. «Oqituvchi» 1998. Darslik
2. Axmedov N., Murodov S -"Ipak qurti ekologiyasi va boqish agrotexnikasi". -T." " 2004.Oquv qollanma
3. Axmedov N. – «Ipak qurti urug'ini jonlantirish». –T. 1992. O'quv qo'llanma,
4. Mirzayeva Y.Y "Tutchilik"(Uslubiy qo'llanma). TashDAU "Tahririyat-nas'hriyot". Toshkent 2022 y.
5. Abduraxmanov A.Rojdestvenskiy-" Ipak qurti urugchiligi va naslchiligi". T.:1991 .Darslik.
6. Abdrimova G, Mirzayeva Yo. Tut ipak qurti biologiyasi -T 2024
7. Mohammed Shamsuddin – Silkworm Physiology. A Concise Textbook.Daya Publishing House.Delhi - 110035, 2009. P 208
8. Tazima YA "Silkworm" 2014 (textbook),
9. Bekkamov Ch.I, Daniyarov U.T, Abdikayumova N.K, Rajabov N.O. «Ipakchilik va tutchilik» darslik 2018